



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK COMMON SENSE MEDIA ANONSE ANDÒSMAN NAN NON 80,000 PARAN, TIMOUN AK EDIKATÈ POU PWOPozISYON LEKÒL SAN DISTRKSYON 'DEPI NAN KÒMANSMAN RIVE NAN FEN JOUNEN KLAS LA'

Nouvo lèt ki mande adopsyon pwopozisyon konplè Gouvènè a epi ankouraje lejislètè yo pou yo pa retire apwòch 'depi nan kòmansman rive an fen jounen klas la'

Gouvènè a òganize yon tablewonn ak manman yo ak timoun yo nan jounen aksyon Common Sense Media a pou pwopozisyon Bidjè Eta a pou pwoteje sante mantal jèn yo ak sekirite sou entènèt

Pwopozisyon Gouvènè la pou lekòl san distraksyon ap limite itilizasyon telefòn entelijan pandan tout jounen lekòl la; li egzije pou lekòl yo bay paran yo yon fason pou kontakte elèv yo

Pwopozisyon an bay lekòl yo fleksibilite pou yo kreye pwòp plan aplikasyon yo; atribye 13.5 milyon dola pou opsyon estokaj telefòn selilè yo

Common Sense sipòte tou pwopozisyon Gouvènè a pou kontwole platfòm IA yo pou pwoteje timoun yo kont abi seksyèl ak domaj sou pwòp tèt yo

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn Common Sense Media jodi a pou l te anonse yon lèt bay lejislètè Eta yo ki te mande pwopozisyon Gouvènè a pou lekòl san distraksyon "depi nan kòmansman rive an fen jounen klas la" nan non rezo Common Sense Media ki gen 80,000 paran, timoun ak edikatè atravè Nouyòk. Ou ka jwenn tout lèt la [isit la](#). Nan lèt la, Common Sense Media espesyalman mande pou yo adopte pwopozisyon konplè Gouvènè a, ki pral mete restriksyon komen "depi nan kòmansman rive an fen jounen klas la" sou telefòn entelijan ak lòt aparèy pèsònèl ki pèmèt koneksyon ak entènèt pandan tout jounen lekòl la. Anons la te vini apre yon tablewonn Gouvènè a te òganize ak yon gwoup manman, timoun ak edikatè Nouyòk nan Jounen Aksyon Common Sense Media a. Apre tablewonn lan, reprezantan òganizasyon an ap rankontre ak lejislètè Eta yo pou yo remèt nouvo lèt yo pou sipòte lekòl ki pa gen distraksyon yo epi sipòte pwopozisyon Gouvènè a pou entèdi materyèl abi seksyèl ke IA pwodwi epi kontwole sèvis "konpayon IA" ki te lakoz jèn yo andomaj pwòp tèt yo yon fason trajik.

"Distraksyon dijital toutan pandan jounen lekòl la ap andomaje timoun nou yo — se poutèt sa Nouyòk yo konnen ke elèv yo ta dwe aprann ak grandi, se pa klike ak defile", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspè ak defansè yo dakò ke yon plan depi nan kòmansman rive an fen jounen klas la pou lekòl san distraksyon pral asire pi bon rezilta yo, epi mwen pap janm sispann goumen pou pwoteje timoun nou yo."

James P. Steyer, fondatè ak PDG Common Sense Media, te deklare, "Prè la klè epi konsansis la palpab: telefòn entelijan nan salklas yo ap deranje anviwònman aprantisaj nan Nouyòk ak atravè peyi a. Pwopozisyon Gouvènè Hochul pou lekòl san distraksyon "depi nan kòmansman rive an fen jounen klas la" vize pou sipòte sante mantal, siksè akademik, ak byennèt an jeneral elèv nou yo — se pa nan elimine teknoloji, men nan kreye espas kote elèv yo ka konplètman angaje ak aprantisaj pandan y ap devlope abitud dijital ki an sante. Sipò an mas paran, edikatè, ak adolesan Nouyòk yo demontre ke règleman sa a satisfè yon bezwen enpòtan nan kominote nou yo, epi nou pran angajman pou travay avèk gouvènè a, lejislati a, ak lekòl Nouyòk yo pou ede asire tout elèv yo gen konsantrasyon yo bezwen pou yo pwospere nan salklas la."

[Pwopozisyon lejislatif](#) Gouvènè Hochul fè pou [lekòl ki pa gen distraksyon](#) nan Nouyòk deja [jwenn sipò](#) ofisyèl eli yo, lidè endika travayè yo, administratè lekòl yo, paran ak defansè kominote yo, ofisyèl lapolis ak defansè jistis sosyal yo.

Pwopozisyon Gouvènè a gen ladan:

- Pa gen okenn itilizasyon san otorizasyon telefòn entelijan ak lòt aparèy pèsònèl ki pèmèt ou konekte ak entènèt sou lakou lekòl la nan lekòl K-12 yo pou tout jounen lekòl la, ki gen ladan lè salklas ak lòt anviwònman tankou dine ak peryòd sal etid yo.
- Pèmèt lekòl yo devlope pwòp plan yo pou estoke telefòn entelijan pandan jounen an — bay administratè yo ak pwofesè yo fleksibilite pou yo fè sa ki pi bon pou bilding ak elèv pa yo.
- Pwopoze 13.5 milyon dola nan finansman ki disponib pou lekòl ki bezwen asistans nan achte solisyon estokaj pou ede yo libere yo kont distraksyon.
- Li egzije pou lekòl yo bay paran yo yon fason pou yo kontakte pitit yo pandan jounen an si sa nesesè.
- Pèmèt elèv yo gen telefòn selilè senp san yo pa gen kapasite pou konekte ak entènèt, ansanm ak aparèy ki pèmèt yo konekte ak entènèt yo bay ofisyèlman nan lekòl yo pou ansèyman nan salklas yo, tankou òdinatè pòtab oswa tablèt yo itilize kòm yon pati nan plan leson yo.
- Ofri egzanpsyon sansib pou restriksyon yo, tankou pou Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) yon elèv, pou elèv ki bezwen yon aparèy ki pèmèt koneksyon ak entènèt pou jere yon kondisyon medikal, oswa pou lòt rezon akademik tankou tradiksyon.
- Egzije lekòl yo pou swiv epi rann kont sou aplikasyon entèdiksyon an ak nenpòt diferans ki genyen nan aplikasyon an.

Nouvo egzijans sa a ta dwe anplas apati ane akademik 2025-26 la epi li ta aplike nan tout lekòl ki nan distri lekòl piblik yo, ansanm ak lekòl prive yo ak Konsèy Sèvis Edikasyon Koperativ (Boards of Cooperative Educational Services, BOCES) yo.

Allison Devore, Konsèy Konsiltatif Common Sense Media nan Nouyòk, te deklare, "Mwen ak mari m te gen difikilte pou nou fikse limit ekran pou pwòp pitit gason nou yo, menmsi nou tou de gen eksperyans nan teknoloji. Chak jou n ap tann pou nou entèveni vle di yon lòt timoun pral peye pri sante mantal pa yo paske nou pa vle aji."

Muna Heaven, Anbasadè ak Avoka Byennèt Timoun nan Mothers Against Media Addiction, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul ak Common Sense Media dèske w envite m patisipe nan evènman enpòtan sa a jodi a. Lè a rive pou re-etabli kèk balans nan salklas nou yo. Se poutèt sa mwen an favè pwopozisyon "depi nan kòmansman rive an fen jounen klas" Gouvènè Hochul la pou lekòl san distraksyon an."

Lilly Doohar, elèv premye sik segondè nan Massapequa, te deklare "Mwen ta renmen fè eksperyans yon jounen lekòl tout antye ki san telefòn epi ki san rezo sosyal. Mwen panse ke si nou pa te kapab gade telefòn nou yo pandan jounen lekòl la, zanmi m yo ak mwen ta santi nou pi rilaks ak mwens enkyete ak mwens distrè."

Kòm yon pati nan Jounen Aksyon pa yo, Common Sense Media ap pale tou nan Albany pou sipòte pwopozisyon Gouvènè a pou rann sèvis entelijans atifisyèl (artificial intelligence, AI) pi an sekirite pou timoun yo.

Entèdi materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon entelijans atifisyèl
Pwopozisyon Gouvènè Hochul a pral mete ajou lwa penal la pou trete materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon IA tankou pònografi timoun. Chanjman sa a t ap aplike pou imaj reyèl ki manipile pou vin endesan avèk AI. Lwa penal Nouyòk la poko okipe kòm sadwa itilizasyon AI pou modifye kontni pou fè materyèl abi seksyèl sou timoun. Lwa ki la deja yo okipe pònografi timoun tradisyonèl, men aparasyon aplikasyon pou "dezabiye" ki fasil pou jwenn yo ak move itilizasyon AI jeneratif la mete aksan sou nesite pou ranfòse ak modènize lwa sa yo.

Fè teknoloji konpayon entelijans atifisyèl la vin gen plis sekirite

Endistri Konpayon AI a se yon mache k ap devlope rapidman epi ki pa règlemante kote gen wobo konvèsasyon ki fèt pou imite relasyon ant moun, sonje detay pèsònèl, ak adapte pèsonalite yo dapre preferans itilizatè a pou etabli relasyon alontèm. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la pral egzije pou konpayi konpayon IA yo mete sou pye fonksyon sekirite pou pwoteje kont blesi volontè epi pou fè itilizatè yo sonje se avèk aparèy y ap kominike, se pa avèk moun. Mezi sa yo gen kòm objektif redui risk ak garanti entèraksyon ki gen plis sekirite avèk konpayon AI yo.

Elaji efò alfabetizasyon media pou edikatè ak elèv yo

Kòm yon pati nan efò kontinyèl li pou ankouraje byennèt dijital, Gouvènè Hochul te pibliye an janvyè yon nouvo [Bwat zouti pou Alfabetizasyon Medyatik](#) pou edikatè yo atravè Nouyòk pou ede entwodui etidyan yo nan konsèp alfabetizasyon medya.

Gouvènè a pral mande tou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta (DHSES) Nouyòk la pou kontinye efò sa a nan devlope egzanp espesifik pou laj, resous pou paran ak piblik la, ak yon kanpay edikasyon piblik. Inisyativ sa yo gen kòm objektif ekipe pwochen jenerasyon an avèk konpetans kritik nan edikasyon sou medya pou yo ka navige sèn enfòmasyon konplèks la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)